ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

O'zbekstan Respublikası awıl ha'm suw xojalıg'ı ministrligi

Tashkent ma'mleketlik agrar universiteti No'kis filialı
Awıl xojalıg'ında menejment ha'm Zootexniya fakul`teti

Jaqlawg'a ruxsat etiledi
«Zootexniya» kafedrası baslıg'ı
_______________ S.Eshmuratova.
«___» ___________2016 jıl.

Awıl xojalıg'ında menejment ha'm Zootexniya fakul`teti
5410600-Zootexniya ta'lim bag'darı 4-kurs studenti İl`yasova Jamila Tadjibaevnanın' « Jergilikli tawıqlardın' konstitusiya tiplerinin' ma'yek o'nimdarlıg'ına ta'sirin u'yreniw » atamasındag'ı

# Pitkeriw qa'nigelik jumısı

İlimiy basshı: veterinariya ilimleri kandidatı R. Jumashov.

Ma'sla'hatshı:
İnsan xızmeti qa'wipsizligi bo'limi
boyınsha ulıwma texnikalıq pa'nler
ha'm o'mir qa'wipsizligi
kafedrası assistenti B. Ramazanov.

No'kis-2016 jıl

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com


Kirisiw.________________________________________ 4

I.A`debiyatlarg`a sholıw

1.1 Tawiqlardin` ma`yek ha`m go`sh o`nimdarlig`ina ta`sir etiwshi faktorlar________________________________________15

II. Eksperimental bo`lim________________________________________17

2.1. Ta`jiriybe o`tkeriw ornina minezleme________________________________________17

2.2. Jumistin` maqseti ha`m waziypalari________________________________________ 18

2.3. Ta`jiriybe metodikasi ________________________________________ 19

2.4. Zonanin` meterologiyaliq sipatlamasi ________________________________________20

III. Izertlew na`tiyjeleri________________________________________ 22

3.1. Dietikaliq ma`yeklerdi jaratiwdag`i o`ndiristi sho`lkemlestiriw ________________________________________22

3.2. Tawiqlardi bag`iw ha`m saqlawdin` jan`a texnologiyaliq usillari ________________________________________29

3.3 Mayek o`rimdarlıg`ına sapa ko`rsetkishlerine azıqlandırıwdın` ha'm konstitusiya tipinin' ta`siri________________________________________35

3.4. Mayek o`rimdarlıg`ına, sapa ko`rsetkishlerine mikroklimattin ta`siri________________________________________39

3.4 Ekonomikaliq na`tiyjeliligi ________________________________________41

IV. Juwmaqlawlar ha`m usinislar ________________________________________43

V. Miynetti qorg`aw________________________________________46

VI. Paydalanilg`an a`debiyatlar ________________________________________ 47

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# **Kirisiw**.

Qusshılıq taraw xalqımızdın' jeti g'a'ziynesinin' biri dep aytısadı. Haqıyqatında da xalıqtın' ku'ndelikli jasawı ushın en' za'ru'r bolg'an qımbatlı mayek, jen'il sin'iwshi tawıq go'shi ha'mde qayta islewde ha'm paydalanıwda tu'rli o'nimler alınadı, sonday-aq jerdin' zu'ra'a'tligin asırıwda onnan da'ris alınadı. V.Ashkaev. (1978 jıl).

O'nim bag'darındag'ı mayek, go'sh-mayek bag'darına mo'lsherlengen quslardın' Leggorn, Rus aq tawıqları, Lomon Broun ha'm basqa tawıqlardın' paroda ha'm paroda gruppaları ko'beyttirilmekte. Eger usı tawıqlardı ja'nede rawajlandırıw ushın onın' azıqlıq bazasın jeterli da'rejede aralas jem menen ta'miynlewde da'nshilik tarmag'ın rawajlandırıw en' za'ru'rli wazıypalardan biri. Aldın'g'ı jetiskenliklerdi qollawda respublikamızda xızmet ko'rsetip atırg'an awıl-xojalıg'ı jetiskenlikleri ko'rgizbeleri ta'repinen shet el ma'mleketlerinde Germaniyada, Pol`sha, Belorussiya sıyaqlı ma'mleketlerde qusshılıqta qollanıp atırg'an pa'n jetiskenliklerin qollaw jan'alıqların ko'rsetiw sistemalı a'melge asırıp barılmaqta. Bunnan basqada qusshılıqtı ja'nede jaqsılaw ushın O'zbekstan qusshlılıq birlespesinde sho'lukemlestirilgen Vertex – agro qospa ka'rxana bug'an AQSh, Rossiya, O'zbekstan ma'mleketlerinen quralg'an ka'rxana. Respublikamızdın' barlıq oblastlarındag'ı rayonlarda fermer xojalıqlarında qusshılıq fermaları sho'lkemlestirilgen. Ha'zirgi ku'nde fermer xojalıqları xızmet ko'rsetip xalıq ushın mayek ha'm qus go'shi islep shıg'armaqta. Fermer xojalıqlarında qusshılıqtı rawajlandırıw ushın parodalı quslardı ko'beyttiriw, na'silshilikke itibar beriw, da'nshilikti jaqsılaw ha'mde pa'n jan'alıqların fermer xojalıqlarında qollaw arqalı bul tarawdı rawajlandırıw za'ru'r. V. Ashkaev (1978 jıl).

Qusshılıqtın' o'zine tiyisli biologiyalıq qa'siyetlerinen paydalanıw usılları arqalı azıq-awqat o'nimlerin jetistiriw ma'selelerin sheshiwde ko'birek na'silshilik isine quslardın' ıssı klimatına biyimlesken taza parodalardı jaratıw, qus o'nimlerin qusshılıq fabrikalarında bolg'an joqarı zamanago'y texnologiya tiykarında ha'm u'y quslarıń bir jayda saqlawda awır jumısların mexanizasiyalaw ha'm avtomatlastırıw tiykarında alıp barıw za'ru'r.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha barlıq tu'rdegi quslar bas sanı (**bas esabında): 1-yanvar` 2016-jıl jag'dayında.**

Ja'mi barlıq tu'rdegi xojalıqlarda - 3103590 bas

Sonnan:

Fermer xojalıqlarında- 155831 bas

Xalıqta,jeke ja'rdemshi xojalıqta -2886384 bas -

A/x ka'rxanalarında - 61375 bas

**O'ndirilgen qus o'nimi:**

Jetistirgen mayek o'nimi (**mın' dana):**

Ja'mi barlıq tu'rdegi xojalıqlarda – 206722

Sonnan:

Fermer xojalıqlarında - 11229

Xalıqta,jeke ja'rdemshi xojalıq -186515

A/x ka'rxanalarında - 8978

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 1. A'debiyatlarg'a sholıw.

### 1.1. Tawıqlardın' mayek ha'm go'sh o'nimdarlıg'ına ta'sir etiwshi faktorlar.

Quslar du`nya boyinsha ha`mme aymaqlarda tarqalg`an, olardin` 3000 min` tu`ri bolip 3 tayipag`a bo`linedi.

1.Ushiwshi yaki qanatli

2. Juwiriwshi yaki qanatsiz.

3. Pingvinler (u`lken qanatli ushpaytug`in kuslar).

40-tayipa tu`rlerge bo`linedi. straus tu`ri ha`m basqa tu`rleri bar. Birinshi ilimiy izleniw u`y quslarinin` kelip shig`iwin Ch.R. Darvin izertlegen. Onin` tastiyiqlawinsha u`y tawiqlari jabayi bankiv tawig`inan kelip shiqqan. Onin` usi a`wladi bar. Bankiv tawig`in u`y tawig`i menen shag`ilistirilsa, na`sil beriwshi a`wlad alinadi. Bankiv tawig`inin` awirlig`i 0,6-0,8 kg, bir jilda 8-12 kg dana ma`yek beredi. Tawiqlardi u`yge u`yretiw 5000 jil aldin Xindistanda shig`is qubla ma`mleketlerine tarqalg`an.

Quslar swt emiziwshilerden parq qilip olar ko`p bala beriwi, yag`niy (ma`yekten ko`p sho`je aship shig`iwi) dene temperaturasi (41-42gradus) tez jetiliwshen`, olardin` embrioninin` rawajlaniwi ana qarninan sirtinda boliwi, barliq na`rseni qabil etiwi, o`simlik wa`mde haywanat a`leminen alinatwg`in aziqlardi kabil etiwi, ha`r jili pa`rlerin jan`alaydi. Bunnan basqada biologiyaliq belgilerden o`siwi, suwda u`yrek, chaykalardin` su`ziwi, tereklerge shig`ip, jatiwi za`ru`r.

Quslardin` organizmi basqa awil xojaliq haywanlari siyaqli du`zilisi ju`da` quramalilig`i menen parq qiladi. Bir tu`rdegi kletkalardin` gruppalari o`zinin` tekg`ana morfologiyaliq ha`m fiziolgiyaliq sipatlarina qaray toqimalarin payda etedi. Kuslardin` pa`ri u`sh qatlamnan du`zilgen su`t emiziwshi haywanlarg`a uqsas bolip. Lekin quslarda teri ha`m may bezleri bolmaydi. Quslarda eki bez bolip, moyin arqasinda ha`m dumg`ozada jaylasqan bir-birin qisip o`tken aqirg`i omirtqasinda 2 bo`limnen du`zilgen, tawiqlarda bul bez kishirek domalaq bolip o`zinen may suyiqlig`in ajiratiwshi dumg`oza suyiqlig`i kusti barliq pa`rlerin maylaydi. Kuslar terisi u`sh qatlamnan du`zilgen:

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

epidermis, tiykarg`i bo`lim ha`m teri asti qatlami. Kuslardi denesi ha`r ta`rli pa`rler menen qaplang`an, bul sol kuslardi jaraqatlaniwdan, organizm temperaturasin barqulla issiliqtin` saqlanip turiwin ta`miyinleydi.

Qan aylaniw organlari (bo`limleri) organizmde en` za`ru`rli rol oynaydi, qan tiykarg`i waziypani atqaradi. Tawiqlarda uliwma qan mug`dari denenin` awirlig`inin` 8-9 protsentti quraydi. Quslardi soyg`anda qannin` yarimi sirtqa ag`adi, yarimi toqimalarda qaladi. Qan suyiqliqtan ibaratplazma, onda kletkalar qizilqan denesheleri, eritrotsitler, aqqan denesheleri, leykotsitler ha`mde qannin` tegis bo`lekleri trombotsitlerden ibarat. Bunnan tisqari organizmde ju`rek en` zu`ru`rli organ bolip, ol arqali organizmde qan aylaniwi payda boladi.

Ayiriw organlari (bo`limleri) na buyrek ha`m sidik bo`lip shig`ariw bo`limleri kiredi. Bu`yrek arqali organizmdegi artiqsha duz ha`m suwlar ha`mde za`ha`rli zatlar sirtqa shig`adi.Quslardi sidigi su`t emiziwshilerdikinen parq qiladi onda sidik kislotasi, duz kislotasi, fosfatlar kreatin saqlanadi.

Ko`beyiw organlari. Kuslarda embrion rawajlaniwi ma`yekte boladi. Jinisiy jetiliw kuslarda ma`yekke kirisiw menen baylanisli boladi.Ma`yek bag`darindag`i tawiqlardin` ma`yek beriwi 130-150 ku`nlik jasinda, go`shli porodalarda 180 ku`nde, u`yrek 6 ayliqta, g`az ha`m tu`ye tawiqlarda 6-7ayliqta baslanadi.

Issiliq almasiwi. Quslardin` barliq organizmi normal xizmet ko`rsetedi, eger issiliq payda boliw ko`lemi issiliqqa ten` bolsa, ondag`i waqit birliginde ten` issiliq sarp boladi. Kuslardin` dene temperaturasi bir ku`n dawaminda o`zgeredi. Ku`ndizi joqari, tu`nde bolsa 0,4-0,5gradus to`men boladi.Ma`yek beriwshi tawiqlardin` fiziologiyaliq jag`dayina sirtqi ortaliqtin` ta`siri tu`rlishe boladi. Sirtqi hawanin` suwiqlig`i 9,5gradus bolsa, kuslardin` dene temperaturasi pa`seyedi, eger –1 gradus bolsa ma`yek qoyiw kemeyedi.

+ 26,5 gradus bolsa ma`yektin` kabig`i juqa boladi.

+ 39,0 gradus bolsa kuslarda joqari da`rejede o`limshilik ko`beyedi.

1. Awil xojaliq quslarinin` o`nimleri ma`yek, kuslar go`shi ha`m onin` ishki organlarinan alinatug`in o`nimleri xaliqtin` ku`ndelikli turmisina kerekli ha`m a`hmiyetli. A`sirese, onin` ma`yegi jas balalardin` o`siwinde, go`shtegi aminokislotalardin` barliq tu`rleri boliwi en` kerekli ha`m a`hmiyetli dep

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

meditsinada bahalanadi. Aziqlaniw normasina karap ha`r ku`ni bir danadan ma`yek qis ha`m gu`z aylarinda jep turiw kerek, organizm bul ma`wsimlerde vitaminlerge ju`da` mu`ta`j boladi. Bunnan tisqari kus go`shi pisirilgennen son`, a`sirese u`lken jastag`i adamlar ushin en` shipabag`ish esaplanip, aminokislotalar ko`pliligi, baylig`i menen bahali. Quslardan g`az, u`yrekten, aling`an kuslar mayi ju`da` paydali bolip, onin` quraminda xolistirin zatlari bolmaydi.

Quslardın’ ekster`erin teren’irek ta’jiriybe ha’m a’meliy jumıslarda barlıq talabalar menen tolıq mag’lıwmatlardı jetkerip, tiyisli wazıypalar beriledi. Quslardın’ ekster`eri ne – bul quslardı ekster`erine qarap onın’ anıq o’nimdarlıg’ın biliw qıyın, lekin onı ko’rip mayek beriwi yaki bermesligin biliwi mu’mkin. Sol sebepli, ekster`erin u’yreniw quslardı tan’lawda na’silshilik ha’m sanaat qus fermalarında ta’jiriybede a’hmiyetke iye. N.İ. Starshikov (1989 jıl).

Quslardın’ bazı bir ekster`eri belgileri jıldın’ ma’wsimine baylanıslı bolıp o’zgeredi. Bunnan azıqlandırıw, saqlaw fiziologiyalıq jag’daylarına baylanıslı. Ko’birek ekster`er belgilerinin’ o’zgeriwi ko’beyiw organlarının’ wazıypaları arqalı o’zgerip baradı. Mısal: tawıqlardı mayek tuwıw waqtında tiri salmag’ı, tuqımlıq ko’lemi mayek jolı ha’m awqat sin’iriw organları u’lkeyedi yaki ken’eyip baradı. Mayek beriw tamam bolsa, terinin’ pigmentasıyası tiklenedi. Denenin’ jag’dayına qarap tawıqlardın’ mayek beriwi anıqlanadı. Tawıqlardın’ mayek tuwıw aldınan denesi ken’eyedi, tajısının’ ren’i jumsaq tınıq qızıl boladı. Mayek tuwıp bolg’annan son’ tajısı ag’arıp, qattı bolıp qaladı. İoshos, N.İ. Starshikov (1989 jıl).

Sesarkalarda tumsıg’ı astında teri payda bolg’an, erkeginde u’lken, urg’ashısında kishi boladı. Tawıqlar, tu’ye tawıqlar, sesarkalarda tumsıg’ı to’menge qayrılg’an, suwda su’ziwge iykemlesken quslardiki bolsa g’azlarda tumsıq forması tuwrı murınlı , do’n’ murınlı, jalg’anayaqlı bolıp keledi. Quslardın’ ko’zleri ha’r tu’rli bolıp ha’m parodalarda forması ren’i birdey bolmaydı.

Quslardın’ jasın anıqlaw. 1. Quslardın’ jasın belgilewde onın’ inkubasiyadan ashıp shıqqan ku’ni ayag’ındag’ı qıyılg’an do’n’gelek nomerli yamasa qanatlarındag’ı nomeri arqalı anıqlanadı. 2. Ekster`eri boyınsha pixni

(shpora) uzınlıqqa qarap 1 jasta pixni 1 sm, bir jılda 1-2 sm parodasına qarap o'sedi.

Sho'jelerdin' jasın pa'rlerinin' rawajlanıwı menen ha'm belgileydi. Tez jetiliwshen' parodalarda 8 ha'ptelikte ha'reketleniwshi pa'rler quyrıg'ına deyin jetip baradı.

Konstitusiya degende organizmnin' ulıwma gewde du'zilisin anatom – fiziologiyalıq du'zilis belgileri, jınısıy qa'siyetine baylanıslılıg'ı ha'm onı sırtqı ortalıqqa juwap bere alıwı dep tu'siniledi. İoshos, N.İ. Starshikov (1989 jıl).

Bekkem tu'rli konstitusiyag'a quslardın' ko'plegen g'az ha'm tawıqlardın' parodaları kiredi, bulardın' gewde du'zilisi bekkem su'yekleri jaqsı rawajlang'an bulshıq etlerinde maylar toplang'an boladı. Bul tu'rge kiriwshi quslardın' xarakteri qa'siyetleri ko'kiregi ha'm tumsıg'ı ju'da' rawajlang'an, pa'rleri tıg'ız boladı. Bul tu'rge kiriwshi quslar onsha biyik emes, ko'beyiwi yag'nıy mayek beriwi az, kesh jetilisiwshen' bolıp keledi.

Tıg'ız konstitusiyalı quslarg'a ko'birek mayek beriwshiler, Leggorn, Rus aq tawıg'ı, u'yreklerden Hindstan ju'girgishi, g'azlardın' Kuban, Qıtay g'azları kiredi.

Quslardın' jumsaq, bos konstitusiyalı tawıqlar – iri bolıp, tiri salmag'ı awır boladı. Pa'ri siyrek, jası sho'jelerinin' o'siwi a'ste aqırınlıq penen ha'm bulshıq etleri ha'reketsiz, teri astı qatlamı jaqsı rawajlang'an, olardın' mayek beriwi az boladı. Go'shlik sıpatı ortasha. Bunday tu'rge go'shli paroda tawıqlar kiredi. Brama, kokinhin, Langshon, bazı bir g'az parodaları (tuluz g'azı) u'yreklerden Roun, Enl`sbyuri.

Na'zik konstitusiyag'a kiriwshi quslar bezetilgen parodalar bolıp, kishilew boladı. Su'yegi ha'm go'shi bunday quslarda jaman rawajlang'an, ayaqları jin'ishke, ha'reketsiz, sırtqı ortalıqqa tez juwap qaytarg'ısh. Olardın' o'nimdarlıg'ın kem bolıp, azıqlandırıw, saqlawg'a talapshan' boladı.

2. Quslardın' o'nimdarlıg'ı ekster`eri ha'm konstitusiya du'zilisine baylanıslı bolıp, mayek, go'shli quslarda ko'birek ko'zge taslanadı, bul bolsa olardın' o'siw ha'm rawajlanıw da'wrinide rawajlanıp baradı, usı da'wirde jınısıy qa'siyetlerin saqlap qalıw ushın olardı azıqlandırıw, saqlaug'a u'lken itibar berip,

sharayat jaratıw talap qılınadı. Ha'zirgi sharayatta qusshılıq tarawı sanaat tiykarında, rawajlanıp atırg'anı sebepli, ko'birek bekkem tipke kiriwshi quslardan paydalanıw ekonomikalıq jaqtan payda keltiredi, yag'nıy mayek ha'm qus go'shi ushın az miynet sarıplanadı. Mısal: 1 kg broyler go'shin islep shıg'arıw ushın 2,7-2,8 azıq birligi sırplanadı, 10 dana mayek alıw ushın 1,6-1,8 azıq birligi sarplanadı. Fisinin G.A. Tardan`yat (1990)

3. Awıl xojalıg'ı quslarının' barlıq tu'rlerinen adamlardın' ku'ndelikli tirishiligi ushın en' za'ru'r bolg'an mayek, qus go'shi ha'mde bir qansha o'nim alınadı.

Tawıq mayegi quramında barlıq tirishilik ushın kerekli toyımlı, biologiyalıq aktiv zatlar belok, 12-13 % uglevod, 12 % may, 1% karbon suwlar saqlanadı, mayek beloginde almastırıp bolmaytug'ın aminokislotalar saqlanadı.

Qusshılıqta broyler go'shi jetistiriwde broyler sanaatı keyingi waqıtlarda shet ma'mleketlerde ken' rawajlanbaqta. O'zbekstanda da bul tarawdı rawajlandırıwg'a keyingi waqıtlarda bir qansha itibar berilmekte. Eger tawıq 24 saatta mayek tuwsa, onda tawıqlar ha'r ku'ni mayek tuwadı, eger onnan ko'p wakıt sarplansa, onda tawıq dem aladı. 1-2 ku'n dem alıp, son' ja'ne bir neshe ku'n mayek beredi. Waqıt o'tiwi menen tawıqlar ma'lim mug'darda mayekti dawamlı berse, onı mayek beriw sikli delinedi. N.Shatoxin, Ya Jiyanov, N.Samorodov (1989 j). Sikl (da'wir) qısqa yaki uzın bolıwı mu'mkin. 10-15 ku'n mayek berse uzın, 2-4 ku'n mayek berse qısqa boladı, eger da'wir ishinde mayek tuwmasa onı interval dem alıw ku'ni delinedi.

Awıl xojalıq quslarının' o'nimdarlıg'ı bir tu'rde bolmaydı. Mısal: tawıqlar bir jılda 250-270 ha'tteki 300 dana mayek beredi, u'yrekler 140-180 dana, tu'ye tawıqlar 90-140dana, g'azlar bolsa 40-80 dana mayek beredi. Birinshi jılı tawıq ha'm tu'ye tawıqlardın' mayek beriwi 15-20 % bolsa ko'p bolıp, al ekinshi ha'm keyingi jıllarg'a salıstırg'anda quslar ortasha ko'rsetkishi boyınsha kem mayek beredi.

2. Quslardın' go'shin islep shıg'arıwın xarakterleytugın zatlar to'mendegiler: tiri salmag'ı, o'siw tezligi, pa'rleniw tezligi, ha'r bir ana tawıqtan alıng'an sho'je, semiriw sıpatları, quslardın' goshliligi ha'm basqalar. Go'shtin'

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

sıpatına may kislotalıq quramına o'simlik ha'm haywan maylardın azıqlıq rasionına qosılıwı ta'sir etedi. Broyler sho'jelerin keteklerde baqqanda, maylı go'sh alınadı, olardı jerde saqlawg'a qarag'anda salıstırıp qaraladı. Paydalanıwg'a bolatug'ın bo'limleri sho'je terisi, ishki mayı, bawır o'kpesi, ju'regi, bu'yregi, bulshıq et ha'm asqazanı kiredi. Paydalanıwg'a bolmaytug'ın bo'limlerine su'yegi, tamag'ındag'ı go'shi, tamag'ı ha'm basqa bo'limleri kiredi.

Tawıq, tu'ye tawıq go'shi ju'da' toyımlı bolıp go'shtin' biologiyalıq bahalılıg'ın beloklardın' saqlanıwı menen anıqlanadı. Almastırıp bolmaytug'ın aminokislotalar, metionin valin, leysin, triptofan, lizin, gistidin ha'm basqada ha'r tu'rli aminokislotalar boladı. Fisinin G.A. Tardan`yat (1990 j).

3. Qusshılıqtan alıng'an o'nimlerdi qayta islewden, mayek qabıg'ının' quslarg'a azıqlıq retinde beriledi. mayek qabıg'ınan un tayarlanadı. Olardan ha'm tu'rli azıqlar tayarlanıp paydalanıladı. Bunnan basqa da mayektin' sarıwızınan adamlardın' ha'r tu'rli keselliklerdi dawalawda, shamallawda isletiledi. Quslardı soyg'anda olardın' ekilemshi o'nimlerinen (bawırınan, pa'rinen, qanınan, su'yeginen) paydalanıladı ha'm tezeginen kopmost tayarlanadı. N.Shatoxin, Ya.Jiyanov, N.Samorodov (1989 j).

4. Quslardın' o'niminen, qus pa'rinen ha'r tu'rli jen'il sanaatında ko'pshilik zatların tayarlawda, ha'r tu'rli mayda na'rseler tayarlap adamlar ushın paydalanıladı. Bunnan tıskarı quslar da'risi jerdin' zu'ra'a'tliligine tez ta'sir etiwshi esaplanadı. Onın' ximiyalıq quramında 34,5-41,3 % qurg'aq zat, ku'l 14-40 %, shiyki may 2,9-4,5 % azotsız ekstraktiv zatlar 46-48 % boladı. Ortasha 1 bas tawıq bir ku'nde 175-189 da'ris ajıratadı, go'shli tawıqlar 276-300 gr, tu'ye tawıqlar 450 gr, u'yrekler 423 gr, g'azlar 594 gr da'ris shıg'aradı. Fisinin G.A. Tardan`yat (1990 j).

Awıl xojalıq qusların parodaları, paroda gruppaları ha'm krossları. Du'n`yada ha'zir 100 den artıq tawıqlar parodası, 20 u'yrek ha'm tu'yetawıq, 40 lag'an g'az parodaları bar. Ma'mleketimizdin' awıl xojalıg'ında saqlanatug'ın quslar parodaları ıssı klimat sharayatında biyimlestirilgen. Leggorn, Rus aq tawıg'ı, Kornish, Pligmutrok ha'm basqa parodalar arqa Kavkaz tu'ye tawıg'ı shiyshe sıyaqlı u'yrekler bar. Mamleketimizde mayek bag'darındag'ı tawıqlardı

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

asıraw boyınsha 4, go'sh bag'darındag'ı 5, go'sh – mayek 17, u'yrek 11, g'az [illegible], tu'ye tawıq 16 tu'rdegi parodaları ko'beytirilmekte. Ko'p sanlı quslar parodaların qolg'a u'yretiw, jaratıw natiyjesinde ha'r tu'rli sharayatlarda jabayı tu'rleri jaratıldı. Paroda payda etiw prosessii ha'zirgi waqıtta dawam etpekte, jan'a quslar parodaların jaratıw ha'm onı qa'legen belgilerge bag'darlap sho'lkemlestirilip barılmaqta. Bir-birine jaqın semeystvolıq juplasıwg'a jol qoymaslıq  kerek. Jan'a quslar parodasın jaratıwda formalanıw prosessinen aldın paroda gruppaların jaratıw bahalaw arqalı baylanıslı boladı. Tawıq parodaları mayek-go'sh urısqaq ha'm bezetiw tu'rdegi quslarg'a bo'linedi. Ha'zirgi waqıtta urısqaq ha'm bezetiwge mo'lsherlengen tawıqlardı ko'beyttiriw kemirek mug'darda ko'beyttiriledi.

Mayek bag'darındag'ı tawıqlar parodası. Bul tawıqlardı ko'beyttiriwden tiykarg'ı maqset mayek alıw. Sonın' ushın tiykarg'ı xojalıqta paydalı tawıqtan ko'p mayek alıw. Tiri salmag'ına qarap, azıqlıq sarplanıwın anıqlaydı. Tawıqtın qansha tiri salmag'ı kem bolsa mayek islep shıg'arıwg'a az azıqlıq sarplanadı. Birdey o'nim berse mayek bag'darındag'ı tawıqlardın' jınısıy jetilisiwi erterek boladı ha'm uzaq waqıt toqtamastan mayek beredi.

**Aq Leggorn** – tawıg'ı du'n`ya boyınsha ko'p mayek beriwshi ko'p tarqalg'an tawıq bolıp bul tawıq paroda XIX a'sirde AQShta İtaliyadan keltirilgen jergilikli quslar ko'beyttiriw jolı menen jaratılg'an. Bası ortasha, parleri japıraq sıyaqlı, qulaq sıpırası aq ha'm qon'ır boladı. Ko'kiregi jaqsı rawajlang'an. Gewdesi sozın'qı, qanatları ken', quyrıg'ı ko'terilgen. Qorazları ortasha 2,7 kg, tawıqları 1,8-2,0 kg. Mayek beriwshen'ligi jılına 220-240 danag'a shekem boladı. Mamleketimizde Leggorn tawıqları birinshi AQSh tan ha'm Angliyadan 1925-jılda keltirilgen. Olardı «Krasnıy» mamleket xojalıg'ında 1962-1968-jıllarda biyimlestirilgen liniya ha'm joqarı o'nimdarlıq tawıqlardın' krossları Kanadadan, Gollandiyadan, FRG ha'm Yaponiyadan keltirilgen. İlimiy izertlew institutlarında na'silli zavodlarında ha'm qusshılıq ta'jiriybe stansiyalarında olardın' krossların jaratıw u'stinde jumıslar alıp barılmaqta bul tawıqlar mamleketimizde ha'mme jerlerinde paydalanıw ushın mayek islep shıg'arıwda paydalanıwda qollanadı.

**Rus aq tawıg'ı** – belgili paroda. Bul tawıq parodasın jaratıw 1920-jıllarda baslang'an. Leggorn tawıq parodasın jergilikli tawıq parodası menen shag'ılıstırılg'an. Bul tawıqtın' o'zi menen shag'ılıstırıw ushın en' iri o'nimdar tawıqtın' ko'beyttiriwde paydalanılg'an. 1953-jılı paroda dep atalg'an. Bul parodanın' sırtqı dene du'zilisi mayek bag'darındag'ı qa'siyetlerge iye. Konstitusiya tıg'ız, na'zik, ha'reketshen' bolıp pa'rleri aq, tıg'ız tumsıg'ı ha'm ayaqları sarı ren'de jaqsı rawajlang'an. Qorazı 3 kg, tawıqları 2 kg, mayek beriwi 200 dana bir jılda onnan da ko'birek beredi. Mayekti inkubasiyag'a qoyıw sıpatı jaqsı. Mayektin' atalanıwı 92-97 % sh. Sho'je shıg'arıw 80-86%. Bul parodag'a kiriushi tawıqlar qurıq baspaydı. Na'silli aq tawıqlarının' toparın, Yasnaya polyana, stavropol` u'lkesinde bulardın' tuqımın ko'beyttiriw u'stinde jumıs alıp barmaqta.

**N`yu-Gempshir** – bul tawıq parodası AQSh ta tarqalg'an, rod-ayland tawıqları menen na'silshilik jumısların alıp barıw maqsetke bag'darlang'an halda onın' mayeginen tez jetiliwshen'ligin asırıw tez arada pa'r payda bolıwı u'stinde jumıs alıp barılg'an.

Tawıqları 2,7 kg, qorazı – 3,5 kg mayek beriwshen'ligi 200 dana ha'm onnanda ko'birek mayek beredi.

**Erevan tawıg'ı** – Armeniyanın' jergilikli paroda tawıg'ı rod-ayland ha'm Avstriya tawıg'ı menen shag'ılıstırıladı. Tawıqtın' awırlıg'ı 2,3 kg, qorazı 3,2 kg mayek beriwshen'ligi 200 danadan ko'birek, mayek salmag'ı 57-60 gr, bul parodadan liniyalar jaratılg'an, olardın' mayek beriwshen'ligi joqarı.

**Moskva tawıqları** – bul tawıq paroda gruppasın Temiryazev awıl xojalıg'ı akademiyasının' alımları sharwalardın' qatnasıwında jaratqan. Tawıqları 2,2-2,4 kg qorazları 3,5-3,6 kg, mayekliligi 200 danadan ko'p boladı.

**Orlov parodası tawıqtı** Kurskiy, orlov oblastlarının' diyqanları ta'repinen jaratılg'an, bunda jergilikli paroda tawıqların urısqaq qorazlar menen shag'ılıstırıladı.

Orlov tawıg'ı iri, gewdesi u'lken, ko'kiregi ken' aldına shıqqan a'sirese qorazlarının'. Bulshıq etleri, ko'kiregi, ayaqları, moynı jaqsı rawajlang'an.

ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com

Tawıqları 2,5-3 kg, qorazları 3,5-4 kg, mayekligi 120-150 dana. Mayekti kóp beretug'ınları 230 danag'a deyin beredi.



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com
ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com



ABBYY PDF Transformer 2.0
Click here to buy
www.ABBYY.com





ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Qusshılıqta na'silshilik jumısı. Qusshılıqta na'silshilik jumısları tiykarg'ı wazıypaları to'mendegilerden ibarat.

1. Quslardın' paroda ha'm liniyaların bekkemlew, jaqsı qa'siyetlerin jaratıw, azıqlıq sarplanıwın kemeyttirgen halda olardın' mayek ha'm go'sh o'nimdarlıg'ın asırıw.

2. Seleksiya jumısların jetilistiriw ha'm onı jan'a usılların islep shıg'ıraw.

3. Qusshılıq fabrikaları jamiyetlik xojalıg'ı, shirket, mamleket xojalıqlarının' fermalarında joqarı o'nimdar, ha'reketshen' qospaq quslar menen u'zliksiz ta'miynlep turıw.

4. O'zbekstan sharwashılıq ilim-izertlew institutı qasındag'ı qusshılıq seleksion-genetik stansiyası (SS) birdey sharayatqa biyimlesken joqarı o'nimdarlı, pushlı ha'm go'shli Krosslardı jaratıw barısında jumıs alıp barıladı. SS da seleksiya jumısların jan'a usılların islep shıg'ıw menen shug'ıllanadı.

Eki mamleketlik na'silshilik zavodı bar. Bulardın' biri Ferg'anada Payziobod mamleketlik na'sil zavodı esaplanadı. Ekinshisi Qarasuw mamleketlik na'silshilik zavodı bolıp (Tashkent oblastında).

O'zbekstanda na'silshilik jumısların jaratıw ushın ilimiy oraylar bo'lek na'silshilik xojalıqları quralg'an.

1. zveno. İlim izertlew institutları. Eksperemental xojalıqlar UzNİİJ mısalında.

2. zveno Na'silshilik zavodları (GPZ).

3. zveno Na'silshilik xojalıqları reproduktorı. Birinshi ha'm ekinshi ta'rtibli.

Na'silshilik quslardı olar GPZdan aladı. Sho'je ashıp shıg'ıwshı stansiya (İPS).

Liniyalı ko'beyttiriw. Liniya boyınsha ko'beyttiriw. Parodanı yamasa paroda ishindegilerdi jaqsılaw maqsetinde, mallardı liniya ishinde ko'beytiw. Liniyalı ko'beyttiriw sxeması ha'r qaysı sharwa mallardı tu'ri ushın arnawlı islep shıg'ıladı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

Liniya degenimiz ne? Bazı bir belgili erkek haywannan tarqalg'an og'ın tartqan parodalı haywanlardın' joqarı o'nimdar gruppası.

Mayek jo'nelisindegi liniyalardı jaratıw etapları (basqıshları).

1. Liniya jaratıwdı a'melge asırıwda qusshılıqta na'silshilik jumısların ha'mme jaylarda ju'rgiziledi ha'm qusshılıqtın' o'nimdarlıg'ı ayrıqsha esap penen onın' xojalıq paydalı belgileri boyınsha alıp barıladı. Mayekligi, mayektin' sıpatı, salmag'ı, qabıqlarının' u'lkenligi, mayek quramında qan daqlarının' bolmaslıg'ı ha'm ha'reketshen'ligi bekkem konstitusiyalıg'ı, tawıqlardın' qurıq bolmaslıg'ı ha'm sho'je ashıp shıg'arıw esapqa alınadı.

2. Jan'a liniyalardın' na'sillik belgilerin bag'darlawda keyinshelik o'nimdarlıg'ın na'sil sıpatların asırıwda erkek quslardan jumsartırıwda bergen o'nimdarlıg'ı boyınsha bir-birine uqsas tawıqlardan paydalanıw mu'mkin.

3. Joqarı o'nimdar liniyalardın' ata-ana formaların jaratıw ha'm olardı tekseriw.

4. Bir liniyadan tarqalg'an quslardı islep shıg'arıwdı ken'eyttiriw ha'm en' jaqsı liniyaları menen ag'a-inileri menen juplastırıwda paydalanıw kerek.

5. Ata ha'm ana tawıqlar formaların sanaat qusların jaqsılaw ushın shag'ılıstırıw (bir parodalı liniyalar ara qospaq alıw maqsetinde).

6. Tejemli go'sh bag'darındag'ı liniyalardı jaratıw ha'm a'melge asırıwda ha'm usı joqarıdag'ı etaplar arqalı a'melge asırıladı.

Shag'ılıstırıw. Qusshılıq ta'jiriybesinde hasıl paroda, liniyalardı ko'beyttiriw degende bir tu'rli parodalı yamasa paroda gruppalasındag'ı erkek ha'm urg'ashı quslardı juplastırıwdı, shag'ılıstırıw degende bolsa ha'r tu'rli parodalarg'a iye bolg'an erkek ha'm urg'ashı quslardı juplastırıwdı tu'siniw kerek.

Na'sil alıw ushın shag'ılıstırıw u'sh tu'rli bolıwı mu'mkin, qayta-qayta o'zgeriwshi yaki sin'diriwshi ha'm qan o'tkeriw jolı menen shag'ılıstırıw. Jan'a paroda payda etiw prosessinde shag'ılıstırıwdın' ekinshi yaki u'shinshi buwınına deyin o'tkerilip, keyinshelik qospaq erkek ha'm urg'ashı quslardı bir-birine tu'plep, o'z-o'zinen ko'beyttiriw usılı menen paydalı ha'm kerekli belgileri bekkemlenedi.

Qayta-qayta shag'ılıstırıw. Eki yamasa bir neshshe ma'lim parodalardı ta'kirar shıg'ılıstırıw jolı menen paroda payda boladı. En' sıpatlı yamasa u'shinshi buwın qospaqlar o'z-o'zinen ko'beyttiriledi. Eger aldıng'ı jan'a qospaqlar tiyisli sıpatqa iye bolmasa, olar da'slepki parodalarının' birine ja'ne qayta shag'ılıstırıladı.

O'zgertiwshi yaki sin'diriwshi shag'alıstırıw usılı. Bul usıl jergilikli paroda quslarının' o'nimdarlıq sıpatı xojalıqtın' talapların qandıra almag'an waqıtta qollanıladı.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# II. bap.

## II. Eksperemental bo'lim.

### 2.1. Ta'jiriybe o'tkeriw ornına minezleme.

«Jergilikli tawıqlardın' konstitusiya tiplerinin' ma'yek o'nimdarlıg'ına ta'sirin u'yreniw» atamasındag'ı pitkeriw qa'niygelik jumısının' ta'jiriybe ornı retinde Xojeli rayonı «Qıyat» fermer xojalıg'ındag'ı tawıqlarda alıp barıldı. «Qıyat» fermer xojalıg'ında ha'zirgi ku'nde 100 bas tawıq a'tirapında bolıp bular na'tiyjeli bag'ılıp atır. Tawıqlardın' ha'r qıylı jastag'ı, sonnan ha'r qıylı tiri salmaqta bolıp ta'jiriybeli jumısları ushın tolıq tiykar boldı. Fermada islenetug'ın ayrım jumıslar mexanizasiyalang'an ha'm elektrlestirilgen. «Qıyat» fermer xojalıg'ının' fermasındag'ı tawıqlar tiykarınan konsentrat azıqlar menen azıqlanıp, olarg'a qosımsha tu'rde vitamin unı, jaz aylarında bolsa maydalang'an sobıqlı eginler azıqlıq zatlardı tayarlawda traktorg'a tirkelgen otdı maydalawshı u'skene mexanizmlerden paydalanıladı.

Qarakalpaqstan Respublikası Xojeli rayonı «Keneges» APJ aymag'ında jaylasqan «KİYaT» fermer xojalıg'ı.

Ulıwma jer maydanı - 77 ga

Jami qaramallar bas sanı - 120 bosh

Sonnan – 40 bası sawın sıyırlar

- 6 ayg'a deyin bolg'an baspaqlar - 10 bas

-1 jasqa deyingi bolg'an qasharlar – 30 bas

-Nasilli bug'alar semirtiwge bag'ılatug'ın - 25 bas

- Jaramsızlıqqa shıg'arılg'an u'lken jastag'ı sıyırlar – 5 bas

Tawıqlar bas sanı - 75 bas sonnan qorazlar bas sanı -13 bas

Alınatg'ın mayek 1bas tawıqtan bir jılda – 120-130 dana

Xojalıqtın' azıq bazası ushın egiletug'ın jon'ıshqa - 20 ga,

18 gektar paxta egislik jeri.

4 gektar biyday egislik jeri

Da'n - ma'kke -15 ga , 10 ga - da'nli eginler ha'm 25 ga – jaylaw jerler.

Xojalıq satıp alatug'ın aralas ot – jemler - 40t shrot, 20t - sheluxa ha'm 25t konsentrat azıqlar kiredi.

Xojalıqta o'rshitilip atırg'an parodalardan  qara-ala, simmental, qızıl-sho'l, es

parodası, shvis parodalarınan ibarat.

Texnikalar sanı 6

Sonnan:

DT – 75 (Qazaqstan) – 1 dana

T -  4A (Altay) – 1 dana.

DT 545 (Balgar) – 1 dana

T – 28,          1 dana

T – 40,        1 dana

TT3 – 80,    1 dana

Ulıwma jumısshılar sanı 12 adam.

Ulıwma satıp alınatug'ın jemler.

40 tonna gu'njara bir jılg'a

20tonna - sheluxa ha'm 25tonna konsentrat azıqlar kiredi.

8 tonna kepek (Salı, biyday)

Bizin' zonamızda ko'k ot-sho'plerdi tayarlaw ushın basqa jaqlarg'a salıstırg'anda klimat anag'urlım qolaylı sebebi qurg'ak ha'm azlı ko'p shamal esiw menen qatar, katnasıklı ıg'allıq az boladı. Bul sharwa fermaları ushın ot-sho'p tayarlawg'a ju'da' qolaylı bolıp keledi. Ha'zirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikası sharwashılıq xojalıqlarının' aldında turg'an wazıypalarının' biri mallardın',quslardın' bas sanın ko'beytiw, go'sh, ju'n, teri, mayek ha'm tag'ı basqa o'nimlerdi jetistiriw menen qatar sapalı kus goshin ha'm mayek o'nimlerinen qayta islenetuın o'nimlerdi jetkeriw ha'm ta'miynlew bolıp tabıladı. Bul taraw boyınsha hu'kimetimiz ta'repinen jeterli da'rejede jumıs  alıp barılıp atır. Bul joqarıdag'ı sorawlardı sheshiw ushın awıl xojalıq kuslarınan jaqsı, sapalı o'nim alıw ushın olarg'a jaqsı, zoogigienalıq jag'daylar tuwg'ızıw kerek.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 2.2. Jumıstın' maqseti ha'm wazıypaları.

**Bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumıstın' maqseti** – «Jergilikli tawıqlardın' konstitusiya tiplerinin' ma'yek o'nimdarlıg'ına ta'sirin u'yreniw» ge baylanıslılıg'ın anıqlaw ha'm analiz qılıw arqalı juwmaq shıg'arıw bolıp esaplanadı. Tawıqlardın mayek o'nimdarlıg'ın asırıw menen birge olardın' sapasın jaqsılaw Bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumıstın' maqseti bolıp esaplanadı.

**Pitkeriu qa'niygelik jumıstın' aktuallıg'ı** - Jergilikli tauıqlardın' konstitusiya tiplerinin' ma'yek o'nimdarlıg'ına ta'sirin u'yreniw arqalı optimal qus ma'yegin jetistiriw bolıp tabıladı. Haqıyqatında da xalıqtın' ku'ndelikli jasawı ushın en' za'ru'r bolg'an qımbatlı ma'yek o'nimleri jen'il sin'iwshi ha'mde qayta islewde ha'm paydalanıwda tu'rli o'nimler alınadı

Aldımızg'a qoyg'an maqsetti orınlaw ushın to'mendegi wazıypalardı a'melge asırıw kerek.

1. Tawıqlardın' mayek o'nimdarlıg'ın ha'm sapasın asırıw ushın olardı saqlaw usılları, ku'ndelikli rasion mug'darın analizlew bolıp esaplanadı.
2. Ku'ndelikli alıp barılg'an jumıslardı jazıp barıw, analizlew sutkalıq mayek o'nimlerin analiz qılıw ushın olardı qu'ndelikli o'lshew jumısların alıp barıw ha'mde o'nimdarlıg'ı boyınsha esap-sanaq jumısların ju'rgiziw.
3. Mayek o'nimdarlıq ko'rsetkishlerin asırıw maqsetinde azıqlar rasionın balanslastırıw arqalı joqarı o'nimdarlıqqa erisiw.
4. Ta'jiriybe ushın alıng'an tawıqlardı o'ndirislik ko'rsetkishlerin ekonomikalıq analiz qılıw ha'm na'tiyjeligin anıqlaw.
5. Ta'jiriybe son'ında juwmaq ha'm usınıslar shıg'arıw.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 2.3. Ta'jiriybe metodikası

Tajriybedegi tauıqlar  ushın azıq rasion duziw. Ta'jiriybedegi tauıklardı u'sh (ha'r qıylı konstitusiyadag'ı) toparg'a ajıratıw ha'm olardı  tiyisli rasion tiykarında bag'ıw arkalı mayek o'nimdarlıg'ın asırıw ha'm onın' sapasın jaksılaw.Ta'jiriybe ushın tawıklar u'sh toparg'a ajratılıp birinshi topar 10 bas, ekinshi topar 10 bas, u'shinshi topardag'ılar 10 bas birdey jas ha'm tiri salmakka iye boldı.

Ta'jriybedegi tawıklar barlıg'ı eki jasar bolıp jergilikli porodalar esaplanadı. Saklaw keshkurunları (setkalı) keteklerde, al kunduz kunleri bolsa fermer xojalıg'ının' tabiyg'ıy ot - sho'plerge shıgarıladı.

**Diagramma-1**

**Ta'jiriybe sxeması to'mendegishe**



ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 2.4. Zonanın’ meteorologiyalıq sıpatlaması.

Qaraqalpaqstan Respublikası hawa rayı keskin kontinentallılıg’ı menen ajiralıp turadı. Qaraqalpaqstan territoryası tiykarınan u’sh zonag’a bo’linedi.

1. A’miwda’r`ya del`ta jag’aları.
2. Qızılqum zonası
3. U’stu’rt zonası

Birinshi zona suwg’arılatug’ın zona bolıp barlıq Qaraqalpaqstan territoriyasının’ 14 prosentin quraydı. Klimat jag’dayı bir jilda ortasha jawın-shashın mug’darı 20-90 mm quraydı.

Xojeli zonasının’ ortasha aylıq meteorologiyalıq ko’rsetkishleri.

| aylar | Temperatura ($T^0S$) | Jawın – shashın Mug’darı (mm) | Ig’allıq (%) |
|---|---|---|---|
| I | - 7,4 | 8,1 | 78,4 |
| II | - 4,4 | 5,3 | 77,7 |
| III | 3,7 | 9,4 | 73,6 |
| IV | 13,9 | 17,2 | 34,2 |
| V | 21,9 | 8,4 | 41,3 |
| VI | 26,7 | 3,6 | 39,5 |
| VII | 28,8 | 0,4 | 49,6 |
| VIII | 27,1 | 1,2 | 39,4 |
| IX | 19,1 | 3,7 | 44,7 |
| X | 12,7 | 4,8 | 50,6 |
| XI | 5,6 | 7,8 | 66.2 |
| XII | - 2,5 | 8,4 | 79,1 |

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

# III. Izertlew na`tiyjeleri.

## 3.1. Dietikaliq mayeklerdi jaratiwdag`i o`ndiristi sho`lkemlestiriw.

Mayek o`ndiriw sanaatinin` o`ndirislik texnologiyasi ha`m tiykari dietikaliq mayek o`ndiriw sanaatinin` texnologiyasi maqsetke muwapiq bolg`an ekonomikaliq qatnasiqlardin` izbe-izligin orinlawdi ha`m olardi jetilistiriwde toliq da`rejedegi biologiyaliq imkaniyatlari esapqa alg`an halda maksimal sandag`i mayeklerdi az shig`in shig`arip paydalaniw ushin ko`p aliw maqsetinde iske asadi. Mayek o`ndiriw sanaatinin` ha`zirgi texnologiyaliq tiykari qa`niygelesken iri xojaliqlardi ha`m o`ndiris birlespelerinde minalardan ibarat boladi.

- Joqari sapali gibrid quslardi paydalanadi.
- o`nimdi jıl dawaminda ten` salmaqta ta`miynlew ushin mayek quslarin o`ndiriw ha`m er jetken tawiqlardi jıl dawaminda ja`mlestiriw.
- Quslardin` jasin ha`m o`nimdarlig`in esapqa alg`an halda jasap atirg`an jaylardin` mikroklimatin joqari da`rejede retlestirip turiw.
- almasiw energiyasi boyinsha ten` da`rejedegi protein, amino kislota, mineral zatlar, vitaminler ha`m mikroelementler aralastirilg`an aziqlar menen quslardi aziqlandiriw.
- Joqari da`rejeli mexanizatsiyalasqan ha`m avtomatizatsiyalasqan sanaat protsesslerinin` o`ndiris qurallarin paydalaniw.
- O`nimnin` sapasin ta`miynleytug`in o`ndiristi ilimiy jobalastiriw o`ndiris qu`shinin` na`tiyjeli paydalaniw az qarji jumsap ha`m az materialliq qurallardi jumsap joqari sapada mayek o`ndiriw.

Mayek o`ndiriw texnologiyasinin` en` basli waziypalarinin` biri olardin` bas sanin aman saqlawg`a ha`m keselleniwdin` aldin aliwg`a karatilg`an boladi.

Juqpali keselliklerdin` aldin aliw ushin ha`zirgi texnologiya minalardi esapqa aliw tiyis:

- quslardi olardin` jas gruppalarin esapqa alg`an halda toaprg`a bo`liw
- bir topardag`i quslardin` bas sanina maksimal da`rejede kontsentratsiya ornatiw
- bir waqitta bir jastag`i quslardi o`ndiris zonasina jiynaw

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

- quslardi ta`rbiyalawda gigienaliq talaplarg`a ha`m veterinar-sanitariyaliq jag`daylarina qarap quslardi jaylastiratug`in orinlardi paydalaniw profilaktikaliq rejimlerdi saqlaw.

Joqari qa`niygelesken xojaliqlarda (qus fabrikalari) o`nim o`ndiriwdin` tiykarg`i tsexlar bolip esaplanadi.

Solardin` en` tiykarg`ilari ma`yek o`ndiretug`in tsex, ata-analar padasi, inkubatoriya ha`m sho`je tawiqlar bunnan tisqari mayek saqlaytug`in sklad, jem isleytug`in tsex shig`indilardi joq etiw tsexlari on`law xanalari zootexniyaliq ha`m veterinariyaliq laboratoriya siyaqli basqa da tsexlar boladi. Dtetikaliq mayeklerdi o`ndiriwdin` tiykarg`i maqseti – barliq texnologiyaliq protsesslerdi bir xojaliq shen`berinde iske asiriw mu`mkin. «O`ndiriwdin` sheklengen tsiklindegi xojaliqlar» yamasa arnawli qa`niygelestirilgen o`ndiris birlespeler sheberindegi xojaliqlar. Barliq o`ndiris tsexlari yamasa bulardin` birlespeleri o`ndiristin` kem-kemnen u`zliksiz o`siw ushin proportsional printsiplerge tiykarlang`an boladi. U`lken xojaliqlardin` sho`lkemlesken o`ndiris strukturasin jaqsilaw ushin jasi jetken quslardi ha`m jan`a shiqqan sho`jelerdi jetilistiriwdegi tsexlardin` jumis sapasi u`lken ta`sir jasaydi.

- mayek tuwatug`in tawiqlar sanaati boyinsha olardi saqlaw mu`ddeti mayek tuwiw qa`bileti o`zine tu`ser bahas

- analiq todalar boyinsha mayek tuwiw qa`bileti inkubatsiya mayeklerinin` shig`isi ha`m sapasi bir ku`nlik sho`jenin` tu`ser bahasi.

- jan`a shiqqan sho`jeler boyinsha bir sutkaliq sho`jelerdi mo`lsherlengen o`zine tu`ser bahasi o`ndiriw.

Aziq ushin arnalg`an mayeklerdi o`ndiriwde o`ndiris quslarinin` siyimlilig`i ha`m ondag`i tawiqlardi saqlaw mu`ddetin tsexlardan o`ndiris ko`lemi, anna tawiqlar topari ha`m sho`jelerdi jetilistiriw jumislari tiykarg`i xizmetin atqaradi.

ABBYY PDF Transformer 2.0 Click here to buy www.ABBYY.com

## 3.2. Tawıqlardı bag`ıw ha`m saqlawdın` jan`a texnologiyalıq usılla

Tawıqlardı saqlawdin` bunday usili awil xojaliq shirketlerinde, fermalarda tuqim o`ndiriu`shi xojalıqlarda ken` paydalaniladi. Tawiqlar saqlanatug`in orinlardin` astina to`seytug`in ma`kke kabiqlari arpa, biyday, sali, ag`ash untaqlari paydalaniladi. Pollardi bunday etip to`sewge olar ku`shli da`rilenedi ha`m haktin 0,5-1 kg suyiqlig`i 1 m kv jerge isletiledi. Bunday pollarda isley eki jol menen a`melge asiriladi. Birinshi oni 20-25 sm qalin`liqta isletiledi. Ekinshi aldi burin 6-8 sm qalin`liqta islep aladi da aradan 7-10 ku`n o`tkennen keyin 20-25 sm qalin`liqta ekinshi qabati isletiledi. Ha`zirgi qus saqlaytug`in orinlardi bunkerli aziq beriw usillari jiyi paydalaniladi. Bunday qurilmalar qus saqlanatug`in orinlarda arnawli transheyalarda tayarlaydi. Olardi tazalaw quslardi shig`arg`annan keyin iske asadi. Qus saqlaytug`in orinlarda mayeklerdi jiynaw ushin aylanbali bakteriyalardi paydalaniladi. Jıldin` suwiq ma`wsimlerinde ku`s saqlanatug`in orinlar jıllılıq penen ta`miynlenedi.

